दिन– बुधवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–15.01.2025

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

सुप्रीम कोर्ट बिहार विधान परिषदक एक रिक्त सीटक लेल भऽ रहल उपचुनावक परिणाम पर रोक लगा देलक अछि। राजदक बर्खास्त विधान पार्षद सुनील कुमार सिंहक याचिका पर सुनवाई करैत न्यायालय ई आदेश सुनेलक अछि। मामिलाक काल्हि सेहो सुनवाई होयत। ध्यातव्य अछि जे सुनील कुमार सिंह कैँ विधान परिषदक कार्यवाहीक दरमियान मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नकल करबाक मामिला मे स्थायी रूप सँ निष्कासित कऽ देल गेल छल। एहि सीटक लेल भऽ रहल उपचुनावक लेल मात्र जदयू सँ ललन प्रसाद नामांकन पत्र भरलनि अछि। काल्हि नाम आपसिक अंतिम तिथि अछि, जाहि कारण काल्हिये हुनकर निर्विरोध निर्वाचनक आधिकारिक घोषणा होयबाक छल।

---

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरिम संयुक्त एकीकृत प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा रद्द करबाक मांग के लऽकऽ पटना उच्च न्यायालय मे दायर याचिका पर काल्हि सुनावाई होयत। प्राप्त जनतबक अनुसार मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चंद्रनक विदाई समारोहक कारण याचिका पर आइ सुनवाई नहि भऽ सकल।

---

एनडीएक घटक दलक जिला स्तरीय कार्यकर्ता सम्मेलन आइ पश्चिम चंपारण जिलाक बगहा आ बेतिया सँ शुरू भेल। सम्मेलन मे सभ पांच घटक दलक प्रदेश अध्यक्ष शामिल भेलाह। संगहि, केन्द्रीय मंत्री सतीश चंद्र दुबे आ पश्चिम चंपारणक सांसद डॉक्टर संजय जायसवालक संग एनडीए के कतेको नेतागण सम्मेलन के संबोधित कयलनि। सम्मेलन मे घटक दलक एकजुटता बनेने रखबाक आ समन्वयक संग आगामी बिहार विधानसभा चुनाव मे दू सय पच्चीस सीट जीतबाक संकल्प लेल गेल।

---

आगामी बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत अठारह जनवरी के पटना स्थित प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे कार्यकर्ता संवाद कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। अखिल भारतीय महिला कांग्रेसक राष्ट्रीय संयोजक प्रतिमा कुमारी दास समस्तीपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि।

---

प्रधानमंत्री गति शक्ति परियोजनाक अंतर्गत सोनपुर रेलमंडल मे तिरसठि रेल ओवर ब्रिज के निर्माणक मंजूरी भेटल अछि। मंडलक डीआरएम विवेक भूषण सूद जनौलनि अछि जे रेलवे बोर्ड एकर मंजूरी दऽ देलक अछि आ रेलवेक निर्माण विभागक दिस सँ प्रस्तावित ओवर ब्रिज के डीपीआर बनाओल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे एक रेल ओवर ब्रिज के निर्माण पर लगभग चालीस करोड़ टाका खर्च होयबाक अनुमान अछि।

---

आइ सेना दिवस अछि। आजुक दिन भारतीय सेनाक शौर्य, पराक्रम आ बलिदान के समर्पित अछि। आजुक दिन बरख उनैस सय पचास मे के.एम. करियप्पा भारतीय सेनाक पहिल कमांडर इन चीफ के रूप मे पदभार ग्रहण कयने छलाह। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, प्रमुख रक्षा अध्यक्ष– सी.डी.एस जनरल अनिल चौहान आ तीनु सेनाक प्रमुख एहि अवसर पर सेना कैँ शुभकामना देलनि अछि।

---

संपूर्ण प्रदेश भीषण ठंड़ा आ कुहेसक चपेट मे अछि। अधिकांश स्थानक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे अंतर कम होयबाक कारण सर्दी के एहसास बेसी भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान नओ दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग डेहरी राज्यक सभ सँ ठंड़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान तेरह डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि अछि जे अगिला चारि दिन धरि मौसम मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। भोरक समय अधिकांश स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक कुहेस रहबाक संभावना अछि।

---

पटना आ भोजपुर जिला प्रशासन भीषण ठंड़ा के देखैत आंगनबाड़ी केन्द्रक संग सभ सरकारी आ निजी विद्यालय मे कक्षा आठ धरिक शैक्षणिक गतिविधी सभ पर अठारह जनवरी

धरि रोक लगा देलक अछि। एहि तरहें मधुबनी आ सीतामढ़ी जिला मे सोलह जनवरी धरि आ दरभंगा जिला मे सतरह जनवरी धरि वर्ग आठ धरिक कक्षा संचालन पर रोक रहत। ओतहि, वर्ग आठ सँ ऊपर के कक्षा सभ मे पठन–पाठन पूर्वाह्न नओ बजे सँ अपराह्न तीन बाजि कऽ तीस मिनट के मध्य संचालित करबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————

समस्तीपुर जिलाक वैनी थाना क्षेत्र स्थित एक एल्युमिनियम फैक्ट्रीक बॉयलर फटला सँ दु मजदूरक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि चारि मजदूर गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। सदर अनुमंडल पदाधिकारी दिलीप कुमार जनौलनि अछि जे गंभीर रूप सँ घायल दू मजदूर कैँ इलाजक लेल दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पताल भेजल गेल अछि।

———————————————————

सुपौलक भीमपुर थाना क्षेत्र मे एन.एच सत्ताईस पर सड़क हादसा मे एक गोट दंपतिक मृत्यु भऽ गेलनि। घटना सँ आक्रोशित लोकसभ सड़क जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि।

बांका जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र सँ उत्पाद विभागक टीम आठ गोटे के शराबक संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण जिलाक भंगहा थाना क्षेत्र सँ पुलिस आ एस.एस.बीक टीम एक तस्कर के भारी मात्रा मे गांजाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

समाप्त